

Plan Vaksinasyon Kont COVID-19 Maryland lan



Vaksen	Kòman yo Fonksyone
Pfizer / BioNTech	Yo gen ladan yo fragman matyè kòd jenetik ki pèmèt kò w kreye yon pwoteyin ki san danje. Apre sa, pwoteyin nan estimile kò w pou li kreye antikò ki gen pou goumen ak viris COVID-19 lan si ou enfekte.
Moderna	
Johnson & Johnson	Yo gen ladan yo yon vèsyon san danje yon viris ki an vi—yon lòt viris ki diferan ak sa ki lakoz COVID-19 la. Viris ki afebli sa gen ladan l fragman kòd jenetik ki ap estimile kò w pou kreye selil ak antikò ki pou goumen kont COVID-19 la si ou ta vin enfekte.
AstraZeneca	
Novavax	Yo itilize proteyin “spike” sentetik viris kowona a pou li aktive sistèm iminitè kò a pou li pwodui antikò kont COVID-19.

Kisa w Sipoze Konnen Konsènan Vaksen yo

- ♦ Vaksen yo san danje, epi yo pa p ba w COVID-19.
- ♦ Vaksen yo efikas pou yo anpeche w tonbe malad byen mal si w ta gen COVID-19.
- ♦ Ti efè segondè yo nòmal tankou doulè koto w pran piki a, fatig, fyè, doulè nan misk, tèt fè mal ak frison.

Sa Pou w Met Nan Tèt ou

- ♦ Sekirite vaksen an fè pati yonn nan pi gwo priyorite ke gouvènman Etazini an ak gouvènmn Eta Maryland lan.
- ♦ Vaksen kont COVID-19 la pa p modifye konpozisyon chimik kò w oswa ADN ou epi yo pa p lakoz ke tès COVID-19 ou an pozitif.
- ♦ Li posib pou w toujou ka transmèt COVID-19 bay lòt moun apre w fin vaksinen. Nou tout sipoze kontinye mete mas epi mete distans sosyal yo an pratik.
- ♦ Lè w vaksinen, ou ede nan pwoteje moun ki frajil ki konte pou ou yo. Amezi ke gen anpil moun k ap vaksinen, n ap rive nan sa yo rele “iminite kolektif” la, sa ap redui prèske pi fò ka kote moun ap tonbe malad byen mal epi mouri nan COVID-19 la.

Pou plis resous konsènan vaksinasyon kont COVID-19 la, tankou fèy ki rasanble enfòmasyon sou COVID-19 ak Kesyon yo Poze Pi Souvan yo, vizite covidLINK.maryland.gov.